

# FASON POU OU POTE DE (2) KOUVÈTI POU FIGI

Kouvèti pou figi yo sove lavi. Toujou pote yon kouvèti pou figi ki kouvri nen ak bouch ou yon fason ki byen ajiste lè ou ozalantou lòt moun, epi menm ozalantou manm fanmi ou si oumenm oswa yomenm malad oswa te ekspoze resaman ak yon moun ki gen COVID-19. Konsidere pote de (2) kouvèti pou figi. De (2) kouvèti pou figi gendwa pi byen pwoteje ou ak lòt moun yo nan ajoute kouch ak nan ede asire yon ajisteman ki adapte. Si ou deside pote de (2) kouvèti pou figi, **pote yon kouvèti pou figi an twal sou yon mask jetab**. Pa pote de (2) mask jetab oswa yon kouvèti pou figi sou yon mask ki gen kalite siperyè tankou yon KN95. Men fason pou ou pote de (2) kouvèti pou figi kòrèkteman.



**Mask Jetab**



**Kouvèti pou Figi an Twal**



**Mask Jetab + Kouvèti pou Figi an Twal**

## ETAP 1

Lave men ou souvan avèk savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men ki abaz alkòl.




## ETAP 2

Enspekte toude kouvèti pou figi yo pou si yo chire oswa si yo gen lòt domaj.

## ETAP 3

Idantifye pati anwo a ak pati devan mask jetab la. Bò fleksib ki rès la oswa riban metalik la se pati anwo a. Kote an koulè a jeneralman se pati devan an epi li ta dwe gade nan direksyon ki opoze pa rapò ak oumenm.



## ETAP 4

Plase bouk mask jetab yo sou zòrèy ou. Mare bouk pou zòrèy la epi plwaye oswa repliye materyèl anplis la pou asire yon ajisteman ki adapte.

## ETAP 5

Peze ak dwèt ou bò ki rès oswa riban metalik la dekwa pou li pran fòm nen ou.



## ETAP 6

Rale desann mask jetab la dekwa pou li kouvri bouch ak manton ou.



## ETAP 7

Repete etap 4 rive 6 yo avèk yon kouvèti pou figi an twal. Asire toude kouvèti pou figi yo kouvri nen ak bouch ou epi ke yo byen ajiste nan bò figi ou.



**Pou ou retire kouvèti pou figi yo, lave men ou epi touche sèlman kòd yo. Pa itilize yon kouvèti pou figi ki jetab si li vini domaje, sal oswa mouye. Lave kouvèti pou figi an twal yo regilyèman epi pote yo sèlman lè yo sèch.**